# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में बाबा खड़क सिंह मार्ग पर सांसद लोगिन बदे नया बनल एक सौ चौरासी टाइप–सेवन बहुमंजिला फ्लैटन क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार चउदह के बाद से अबले सांसद लोगिन बदे करीब तीनि सौ पचास नया फ्लैट बनावल गइल हौ। एहमें कई गो राज्यन क सांसद एक साथे रहि सकिहें। ई एक भारत श्रेष्ठ भारत के दृसिटकोंण क परिचायक हौ।

**आज मेरा आपसे कुछ आग्रह भी हैं। यहाँ देश के अलग–अलग राज्यों और क्षेत्रों के सांसद एक साथ रहेंगे। आपकी उपस्थिति यहाँ 'एक भारत, श्रेष्ठ भारत' का प्रतीक बनेगी। हर प्रांत के पर्व त्योहारों का समय–समय पर सामूहिक आयोजन होगा, तो इस परिसर को चार चांद लग जाएंगे।**

**********

प्रदेस विधानमण्डल क मॉनसून सत्र आजु से सुरू हो गइल। बिपक्षी सदस्यन के नारेबाजी के बिच्चे विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना सदन क कार्यवाही आगे बढ़वलें। नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय गोरखपुर के विरासत गलियारा क मुद्दा उठावत सरकार से सवाल कइलें।। नेता प्रतिपक्ष के सवालन क जबाब देत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि समाजवादी पारटी क लोकतंत्र में भरोसा नाहीं हौ। उहां के समाजवादी पारटी के पूर्व कार्यकाल क हवाला देत कहलीं कि समाजवादी पारटी नकारात्मक राजनीति करे ले। एगो रिपोर्ट–

***मानसून सत्र के पहले दिन मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने विधानसभा में समाजवादी पार्टी और नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय पर तीखा हमला बोला। उन्होंने आरोप लगाते हुए कहा कि समाजवादी पार्टी और लोकतंत्र नदी के दो छोर हैं। मुख्यमंत्री ने गोरखपुर के विरासत गलियारे का मुद्दा उठाते हुए नेता प्रतिपक्ष के सवालों का जवाब देते हुए कहा कि कुछ लोग नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय के कंधे पर बंदूक रख कर गोली चला रहे है। उन्हें आनावश्यक रूप से मोहरा बनाया जा रहा है। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं रितेश।***

गोरखपुर के विरासत गलियारा में नेता प्रतिपक्ष के दौरा क जिकिरि करत मुख्यमंत्री कहलें कि गोरखपुर के ब्योपारी नेता प्रतिपक्ष क येह नाते बिरोध कइले रहल कि उन्हें सपा के कार्यकाल में भय अउर गुडा टैक्स क सामना करे के पड़ल रहल। मॉनसून सत्र के पहिला दिन्ने बिपक्षी सदस्यन के सोर–सराबा के नाते विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना सदन क कार्यवाही बिहने तक खातिर स्थगित कइ दिहलें।

**********

सर्वजन दवा सेवन–एमडीए अभियान वाला एक सौ पंचानबे बलाकन के छोड़ि के प्रदेस के बाकी हिस्सन में आजु राष्ट्रीय कृमि मुक्ति दिवस मनावल गइल। एहमें एक से ओन्तीस सालि ले क उमिरि वाले लाभारथियन के पेट से कीड़ा निकरले क दवाई खियावल गइल। छूटल लाभारथियन के दवाई खियावे बदे चउदह अगस्त के मॉप–अप राउंड चली। गोरखपुर अउर बलरामपुर के सथहीं कई गो पच्छिमी जिलनों में अलगि–अलगि स्कूलन से अभियान क सुरूआति कइल गइल। गोरखपुर के राजकीय एडी गर्ल्स इंटर कॉलेज में सीएमओ डॉक्टर राजेश झा अपने सामने छात्रा लोगिन के दवाई खियवा के अभियान क उद्घाटन कइलें। उहां के कहलीं कि सालि भर में दुइ बेरि ई दवाई खइले से कृमि संक्रमण से बचाव होला।

**********

बनारस क श्री काशी विश्वनाथ धाम के पुरहर तरीका से पलास्टिक मुक्त परिसर घोसित कइ दिहल गइल हौ। काशी विश्वनाथ धाम प्रबंधन की ओरि से बतावल गइल हौ कि आजु से धाम परिसर में कउनों तरह के पलास्टिक के साथे प्रवेस बदे पुरहर तरीका से रोकि लगा दीहल गइल बा। पलास्टिक क टोकरी आ पलास्टिक क लोटा जइसन समाननो के साथे प्रवेस क अनुमति नाही दीहल जाई।

**********

प्रदेस के श्रावस्ती जिला के हरदत्त नगर गिरंट थान्हा इलाका में हरबंशपुर पुलिस चउकी के लग्गे आजु भइल एगो सड़कि दुरघटना में पांच जने क मउति हो गइल। ई दुरघटना ओह समय भइल जब एक्के परिवार के लोगिन के ले जा रहल बाइक नवाबगंज शंकरपुर राहि पर एगो अउरियो गाड़ी से लड़ि गइल। दुरघटना में घाही एगो महिला क इलाज चलि रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना पर सोक जतावत मृतकन के परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवें। उहां के घाही के समुचित इलाज क निरदेस दिहले हईं।

**********

प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं कई गो पूरबी जिलन में आजु दुपहरिया बाद भइल बरखा से लोगिन के भीसण उमस से राहति मिलल हौ। पूरबी जिलन में अबहिनों आसमान में बादर छवले हौ अउर बरखा क सिलसिला रूकि–रूकि के जारी बा। येह बिच्चे लगतारे हो रहल बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इले के नाते कई जिलन में नदियन क जलस्तर उफान पर बाटे।

**********